

Enfòmasyon Enpòtan RPDC

Jounen Lekòl la

- Lè pou rive:
 - Pòt la louvri a 9:15 AM
 - Elèv yo dwe gentan lekòl la a 9:40 AM
- Ranvwa:
 - Lendi, Madi, Mèkredi, ak Jedi: 4:10 PM

Tout elèv pran kou sa yo selon nivo klas yo

- Lang Anglè (English Language Arts, ELA): 1.5 èdtan chak jou
- Matematik: 1.5 èdtan chak jou
- Istwa: 1 èdtan chak jou
- Syans: 1 èdtan chak jou
- Èv Atistik Vizyèl: 1 èdtan chak jou (yon trimès sou 2)
- Edikasyon fizik: 1 èdtan chak jou (yon trimès sou 2)
- Reyinyon Kominotè: 1 fwa pa semèn ak nivo klas la
- Leson Konsiltatif: 30 minit chak jou

Transpòtasyon

Lekòl Piblik Boston bay transpò pou RPDC. Nou dwe respekte règ ak règleman yo.

- Elèv ki nan 5yèm ane ki rete pi lwen pase yon maylz (mile) a lekòl la ap jwenn yon bis
- Elèv ki nan 6yèm ane ki rete pi lwen pase 1.5 maylz (mile) a lekòl la ap jwenn yon bis
- Elèv ki nan klas 7yèm ak 8yèm ane ap resevwa yon M7 gratis (T ak yon tikè pou pran bis)

Nitrisyon

RPDC bay manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv atravè CityFresh. Tout manje yo pa gen kochon ak nwa (nut).

- Manje nan maten an se manje ki pa kuit sou dife ('bagel', ba sereyal, 'whole-grain muffin'), fwi, lèt, ak ji
- Manje midi a gen ladan manje ki kuit (kokti ak boulèt ansanm ak bwokoli, tako vyann bèf ak mayi ak pwa), fwi, ak lèt

Konsiltasyon

Yo bay chak elèv yo yon konseye, yon gwoup 20-30 elèv ki suiv tout klas yo ansanm ak li. Chak maten gen yon 30 minit konsiltatif ki konsantre sou aprantisaj sosyo-emosyonèl. Yo bay chak elèv yo yon konseye: yon pwofesè ki sèvi kòm konseye akademik yo ak prensipal pwen kontak pou fanmi yo.

Apre lekòl

RPDC ofri espò ak klèb antanke aktivite apre lekòl. Sa gen ladan tou Griffin Pride Council (gouvènman elèv yo) ak klèb liv. RPDC pa ofri swen fòmèl apre lekòl.